**दिन–सोमवार** **दिनांक–18.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

महाराष्ट्रक राज्यपाल सी.पी. राधाकृष्णन उपराष्ट्रपति चुनावक लेल राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधनक प्रत्याशी होयताह। भारतीय जनता पार्टी अध्यक्ष जगत प्रकाश नड्डा काल्हि नव दिल्लीक पार्टी मुख्यालय मे भाजपा संसदीय बोर्डक बैसकक बाद एकर घोषणा कयलनि। श्री नड्डा कहलनि जे गठबंधनक सभ सहयोगी एहि निर्णय के समर्थन कयलनि अछि। एनडीए केर प्रमुख घटक दल जयदू सी.पी. राधाकृष्णन कँ उम्मीदवार नामित कयल जयबाक स्वागत कयलक अछि। जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे चुनाव मे हुनक पार्टी श्री राधाकृष्णन कँ समर्थन करत। श्री कुमार हुनका शुभकामना सेहो देलनि। लोजपा रामविलास आ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा सेहो श्री राधाकृष्णन केर उम्मीदवारी के समर्थनक घोषण कयलक।

---

लोकसभा मे आइ अंतराष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन पर जायवला भारतक पहिल अंतरिक्ष यात्री कैप्टन शुभांशु शुक्ला पर विशेष चर्चा कयल गेल। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला पूरा सदन दिस सँ अंतरिक्ष यात्री आ भारतीय वायु सेनाक ग्रुप कैप्टन शुभांशु शुक्ला कँ बधाइ देलनि। श्री बिरला कहलनि जे कैप्टन शुक्ला एक्सिओम मिशन–4 केर अंतर्गत अंतराष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशनक यात्रा करयबला पहिल भारतीय बनि कऽ इतिहास रचलनि। एकरा बाद ओ सदनक सभ सदस्य लोकनि सँ अंतराष्ट्रीय अंतरिक्ष स्टेशन पर भारतक पहिल अंतरिक्ष यात्री कैप्टन शुभांशु शुक्ला पर विशेष चर्चा मे भाग लेबाक अपील कयलनि। हलांकि एहि दरमियान सदन मे विपक्षी सदस्य लोकनिक हंगामा चलैत रहल। जाहि लऽकऽ विज्ञान आ प्रौद्योगिकी मंत्री जितेन्द्र सिंह चर्चाक दरमियान आपत्ति दर्ज करौलनि।

---

बिहार मे एसआईआर समेत कतेको मुद्दा के लऽकऽ विपक्षी सदस्य लोकनिक जोरदार हंगामा आ नारेबाजीक कारण आइ संसदक दुनू सदनक कार्यवाही बाधित भऽ गेल। लोकसभा मे विपक्षी दल सभ कार्यवाही शुरू होयतहि मतदाता पुनरीक्षण समेत कतेको मुद्दा सभ पर जोरदार हंगामा कयलक। एहि दरमियान सदनक भीतर अव्यवस्थाक स्थिति के देखैत

लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला हंगामा कऽ रहल सदस्य लोकनि कँ सख्त कार्रवाईक चेतावनी देलनि। एम्हर, राज्यसभा मे सेहो आजुक कार्यवाही हंगामाक भेंट चढ़ि गेल। दिनक शुरूआत मे उपसभापति हरिवंश कतेको स्थगन प्रस्ताव के खारिज कऽ देलनि। जेकरा बाद विपक्षी दल सभक सदस्य लोकनि हंगामा शुरू कऽ देलनि। एहि लेल सदनक कार्यवाही बेर–बेर स्थगित करय पड़ल

———————————————————————

मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार स्पष्ट कयलनि अछि जे विपक्षी नेता लोकनिक आरोप निराधार अछि। श्री कुमार काल्हि नव दिल्ली मे एक प्रेस कॉन्फ्रेंस मे कहलनि जे कांग्रेस नेता राहुल गांधी कँ अपन आरोपक समर्थन मे हलफनामा देबाक चुनौती छनि। ओ कहलनि जे एक सप्ताहक अंदर ओ हलफनामा दथि वा सार्वजनिक रूप सँ माफी मांगथि। एम्हर, चुनाव आयोग सुप्रीम कोर्टक अंतरिम आदेशक अनुपालनक क्रम मे राज्य मे प्रकाशित प्रारूप मतदाता सूची सँ बाहर कयल गेल पैंसठ लाख सँ बेसी मतदाता लोकनिक सूची सेहो जारी कऽ देलक अछि। ई सूची राज्यक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी सीईओ केर आधिकारिक वेबसाइट पर अपलोड कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी अपन मतदाता अधिकार यात्राक दोसर दिन आइ गयाजी पहुंचलाह। श्री गांधी एतऽ खालिश पार्क मे किछु कालक बाद एक जनसभा के संबोधित करताह। एहि सँ पूर्व मतदाता अधिकार यात्रा औरंगाबादक गुरारू, बगड़ीहा, दाउद नगर आ पंचानपुर पहुंल छल। राहुल गांधी चुनाव आयोग पर योग्य मतदाता लोकनिक नाम प्रारूप सूची सँ जानि–बुझि कऽ हटयबाक आरोप लगेलनि अछि। यात्रा मे राजद नेता तेजस्वी यादव, वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी समेत इंडिया गठबंधनक कतेको वरिष्ठ नेता सेहो भाग लऽ रहल छलाह। सोलह दिन धरि चलयबला ई यात्रा राज्यक बाईस जिला सँ भऽ कऽ जायत आ पहिल सितंबर के पटनाक गांधी मैदान मे समाप्त होयत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना स्थित ललित नारायण मिश्र आर्थिक विकास एवं सामाजिक परिवर्तन संस्थानक दौरा कयलनि। एहि दरमियान श्री कुमार विभिन्न विभागक निरीक्षण कयलनि आ अधिकारी लोकनि के व्यवस्था मे व्याप्त कमी सभ के दूर करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————————

प्रदेशक कतेको भाग सभ मे मॉनसूनक सक्रियता धीमा पड़ि जयबा सँ बरखा मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। हालांकि राज्यक दक्षिण–पश्चिम भाग मे मॉनसून सिस्टम एक बेर फिर मजबूत भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अुनसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान औरंगाबादक कुटुंबा मे सभ सँ बेसी अस्सी दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ गोपालगंज, पूर्वी आ पश्चिमी चंपारण, अररिया, किशनगंज, औरंगाबाद, रोहतास समेत राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे बेसी ठाम मेघगर्जन, ठनका आ तेज हवा चलबाक आशंका अछि।

———————————————————————————

समाप्त